



Human Resources

Règleman sou Lwa Ameriken ki Andikape yo

Bentley angaje nan bay opòtinite travay de fason egal bay moun andikap ki kalifye. Bentley pa fè okenn diskriminasyon kont moun ki kalifye ki gen andikap nan nenpòt aspè nan travay, ki gen ladan pwosedi nan kandidati, anplwaye moun, bay yon avans, lisansye, konpansasyon, fòmasyon, oswa lòt pwosesis, kondisyon, ak privilèj nan travay. ADA defini yon "moun ki kalifye ki gen yon andikap" kòm yon moun ki gen yon andikap ki ka, avèk oswa san yon amenajman ki rezonab, akonpli fonksyon esansyèl travay li okipe a oswa travay li dezi okipe a. Règleman sa a aplike pou tout moun nan staf anplwaye yo.

Amenajman Rezonab:

Bentley pral bay yon amenajman rezonab pou aplikan yo ak anplwaye ki gen andikap fizik oswa mantal nan mwayen pou pèmèt yo postile pou travay ak ranpli fonksyon esansyèl pòs yo aplike a. Aplikan ki bezwen yon aranjman rezonab pou aplike oswa entèvyou pou yon travay ta dwe kontakte Resous Imèn nan 781-891-3427. Anplwaye ki bezwen yon aranjman rezonab pou akonplifonksyon esansyèl travay yo a ta dwe kontakte patnè komèsyal Resous Imèn yo.

Patnè Komèsyal Resous Imèn la ap travay avèk anplwaye a ak manadjè ki pou eksplore potansyèl aranjman rezonab posib epi jwenn yon aranjman ki efikas, ki pa antrene yon kontrent ki eksesif epi ki pa kreye yon risk pou yon domaj sibstansyèl pou kelkeswa moun. Bentley pran desizyon sou aranjman rezonab yo baz ka-pa-ka sou baz yon evalyasyon endividiyèl ak nan konsiltasyon ak anplwaye a ak ekspè medikal yo, kote ki apwopriye. Yon fwa yo te pran yon desizyon ki konsène yon aranjman, Bentley ap enfòme anplwaye a de apwobasyon li oswa refi aranjman li mande a.

Sipò Dokiman

Si andikap la oswa bezwen pou aranjman an pa evidan, Bentley ap mande pou anplwaye yo bay dokiman sipò nan men doktè anplwaye a pou verifye andikap la ak bezwen yon aranjman rezonab. Bentley ap kenbe nan konfidans tout enfòmasyon medikal ke li jwenn ki nan kad demann yon anplwaye te fè pou yon aranjman rezonab. Tout enfòmasyon konsènan andikap yo ap rete konfidansyèl epi yo pral disponib sèlman sou ka yon nesesite.

Pwoteksyon kont Vanjans.

Anplwaye yo pa pral fè objè vanjans deske yo te mande pou yon aranjman nan bòn fwa. Nenpòt moun ke yo kenbe bab pou bab k'ap fè diskriminasyon sou moun ki andike pral objè mezi disciplinè yo, ki ka menm koz yon revokasyon.

Sendika Anplwaye yo

Pou anplwaye ki kouvri pa yon akò negosyasyon kolektif, règleman sa a travay nan konjonksyon avèk, epi yo pa ranplase, ni modifye oswa pa konplete tèm oswa kondisyon travay ki endike yo nan tout konvansyon kolektif ke yon sendika gen ak Bentley.

Si manadjè oswa anplwaye gen nenpòt kesyon ki konsène règleman sa a oswa sou aranjman rezonab, tanpri kontakte patnè Komèsyal Risous Imèn ou.